**АЦКЪАН Руслан:** ● Ди псэлъэгъухэр

# КупщIэ зиIэ тхыгъэхэр гулъытэншэ тщIыркъым



Ацкъан Руслан.

*Налшык къалэм дэт «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр къызэрызэIуахрэ мы махуэхэм илъэс 80 ирокъу. Республикэм ис тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр дунейм къытехьэнымкIэ, адыгэ, балъкъэр лъэпкъ литературэхэм хэлъхьэныгъэ хуэщIынымкIэ зи IуэхущIафэхэм къыпэхъун щымыIэ тхылъ тедзапIэм нобэ и Iуэху зэрыдэкIым, зыIууэ лъэпощхьэпохэм тыдогъэпсэлъыхь абы и унафэщI, усакIуэ цIэрыIуэ КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Ацкъан Руслан.*

**- Фи лэжьыгъэр зэрекIуэкIым, фи къалэнхэм фызэрехъулIэм дыщыбгъэгъуэзамэ, ди гуапэт, Руслан.**

- Дызэрыт зэманым ди тхылъ тедзапIэм и Iуэхур Iейуэ жыпIэ хъунукъым, къалэну зыхуэдгъэувыж псори зэрыдгъэзэщIэным жыджэру дыхущIокъури. Ар тхузэфIэкIын папщIэ къэралым къытхуищIэн хуей гуэри къигъанэркъым, республикэм и унафэщIхэм гулъытэншэ дащIыркъым.

Псом япэрауэ, ди пщэ дэлъыр республикэм ит курыт школхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ, балъкъэрыбзэмрэ литературэмрэ зэрыщадж тхылъхэр, ди тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я тхыгъэ нэхъыфIхэр, щIэныгъэлIхэм, еджагъэшхуэхэм я лэжьыгъэхэу лъэпкъым къыхуэщхьэпэну къэтлъытэхэр къыдэгъэкIынырщ. Абы щыгъуэми дегугъун хуейщ а къыдэдгъэкIхэр диIэм я нэхъыфIыщхьэу къыхэтхыным. Пэжщ, дызэрыхуейуэ псори къыщыдэмыхъулIи щыIэщ, ауэ апхуэдэ къэмыхъун папщIэ щIэгъэкъуэнышхуэ къытхуохъу тхылъ тедзапIэм щыIэ жылагъуэ-редакционнэ советыр. А советым хэтщ зи IэдакъэщIэкIкIэ щIыпIэ куэдым къыщацIыху тхакIуэхэр, критикхэр, еджагъэшхуэхэр. Ахэр гугъу демыхьу къахутэф дызыхэплъэ лэжьыгъэхэм я купщIэр зыхуэдизыр.

**- А псори мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ, Руслан, ауэ лъэпкъ литературэм зегъэужьыным сыт хуэдэ хэлъхьэныгъэ хуищIрэ тхылъ тедзапIэм?**

- Ди къалэнхэр нэсу гъэзэщIа хъун папщIэ, илъэс къэс щIэуэ зэхэтлъхьэ план щхьэхуэм тету долажьэ. Абы къызэщIеубыдэ щIэныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ тхылъхэр, псом нэхъапэращи, зэрырагъаджэ, методикэ литературэхэр къыдэгъэкIыныр. Абы ипкъ иткIэ, дэ дадолажьэ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм, КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым. Арыншауэ хъунукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэрщ зэлъытар тхылъ тедзапIэм лъэпкъ щэнхабзэм хуищI хэлъхьэныгъэр зыхуэдизынур. Ар мыхьэнэшхуэ зэтт Iуэхущ.

Дэ къыдгуроIуэ, тхылъ гъэщIэгъуэнхэр куэд щыхъуа, дэнэ IэнатIи компьютерыр тепщэ щыхъуа ди лъэхъэнэм ди бзэхэмкIэ къыдэкI литературэхэр лъэныкъуэкIэ зэрыIукIуэтыр. Ар къэдмыгъэхъун папщIэ, тхылъыр купщIафIэу зэрыщытым къыдэкIуэу, и теплъэкIи удихьэ хъу, дагъуэншэу къызэрыдэдгъэкIыным гулъытэ хэха худощI. Тхылъедж эхэм хуабжьу ягу дохьэ «Адыгская историческая серия», «Балкарская историческая серия» къыдэкIыгъуэхэр, къищынэмыщIауэ иджыпсту зиужь дитхэм ящыщщ сабийхэм папщIэ, тхэн щIэзыдзагъащIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр къыдэгъэкIыныр.

Фызэрыщыгъуазэщи, КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса, томих хъу тхылъхэр къыдэкIащ, мыгувэу дунейм къытехьэнущ Кулиев Къайсын и тхыгъэхэр зэрыт етIуанэ томыр (ари томих хъууэ къыдэкIынущ). КIэщIу жыпIэмэ, ди къалэн нэхъыщхьэр лъэпкъ литературэм зегъэужьынырщ, республикэм и егъэджэныгъэ, щIэныгъэ IэнатIэхэм хэлъхьэныгъэ яхуэщIынырщ.

**- ЕгъэфIэкIуэн хуей, уигу зыхуэныкъуэ гуэр хэлъ фи лэжьыгъэм?**

- Ди лэжьыгъэр зэтеублауэ екIуэкI пэтми, дигу щIэныкъуэ гуэрхэри щыIэщ. Псалъэм папщIэ, дигу къоуэ зи тхылъ къыдэдгъэкIым етт пщIэр, гонорар жыхуэтIэр, иджыпсту зэрымащIэр. Ауэ абы зэрыхэдгъэхъуэным и Iуэху зыдохуэ, ди унафэщIхэми дыкъагъэгугъэ абыкIэ къыддэIэпыкъуну.

ЕтIуанэу къыхэзгъэщыну сызыхуейр, ди тхылъхэр зэбгрыдгъэкIынымкIэ гугъу дызэрехьырщ. Абы и щхьэусыгъуэри къуажэхэм тхылъ щапIэ зэрыщымыIэжращ. Ауэ Iэмал зэхуэмыдэхэр къэдгъэсэбэпурэ апхуэдэ щытыкIэ гугъухэми дыкъоклыф. Тщэм нэмыщIи, къуажэ библиотекэхэм пщIэншэу тхылъхэр зэреттыным яужь дитщ. Иджыблагъэ сом мелуан и уасэ тхылъ библиотекэхэм яхуэдгуэшащ.

*Епсэлъар*
**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

● «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр илъэс 80 ирокъу

# Лъэпкъ Iуэхум хуолажьэ



*«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и редакторхэр:* **Махуэ Анатолэ, Тхьэщокъуэ Мурадин, Нартокъуэ Мухьэмэд, КIуантIэ Iэзид, Балъкъэр Къылышбий, Конаков Мусэ.** *1975 гъэ*

**Тхьэшхуэм къыпхуигъэфэщар, уи натIэм къритхар пщIэнукъым. Уэ зы мурад пщIауэ, нэгъуэщI зыгуэрым ухуишэнкIэ хъунущ. Аращ сэри къысщыщIар.**

ИЛЪЭС ЩЭ НЫКЪУЭ хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, Мэртэзей (Дей) къуажэм дэт пэщIэдзэ еджапIэм и унафэщIу лэжьэн къыщIэздзат. Зэрыхъуари сымыщIэу, тхылъ тедзапIэм сыкъыщыщIидзыжащ.

Школ унафэщIым и Iуэхухэм фIыуэ зы хэлъщ - абы и псалъэр тIэужыIэ ящIыркъым егъэджакIуэхэми еджакIуэхэми. Мыр директорым и унафэщ, жаIакъэ, ар къазэрыщыхъур Алыхьым и Iэмырущ.

Тхылъ тедзапIэм и унафэщIым и Iуэхур нэгъуэщIщ, и къалэнхэри нэхъыбэщ икIи нэхъ гугъущ. Мыбы и унафэм щIэтхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэщ, абыхэм я Iэтащхьэм нэхърэ нэхъ Iущу, нэхъ лIыфIу залъытэж.

Авторхэр-щэ? Зыр Унэ Хужьым щолажьэ, къулыкъу лъагэм пэрыту, адрейр щIэныгъэлIщ, уэ уригъэджауэ, къыкIэлъыкIуэр «имыщIэ щымыIэу» тхыдэтхщ, нэгъуэщIыр тхакIуэ цIэрыIуэщ…

Автор цIэрыIуэ куэд къекIуэлIащ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм: Бэрбэч ХьэтIутIэ (ди университетым и япэ ректору щытащ) тхыдэтхт, Геттуев Максим (Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэщIт) усакIуэт, КIэрэф Къамболэт (университетым и етIуанэ ректорт) еджагъэшхуэт, тхакIуэ гъуэзэджэхэу КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, КIуащ БетIал, Шортэн Аскэрбий, Теунэ Хьэчим, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Елгъэр Кашиф - дэтхэнэм и цIэр къипIуэн?..

Куэд пыщIащ тхылъ къыдэгъэкIыным - ари Iуэху хьэлъэ защIэу. А хьэлъэр куэдым яхуэIэтыртэкъым - арагъэнут тхылъ тедзапIэм и унафэщIхэр щIэх-щIэхыурэ яхъуэжу щIыщытар.

Илъэс 47-кIэ сыщылэжьащ тхылъ тедзапIэми, директору сиIащ зыкъом: Хьэжы Мухьэмэд, Сэхъу Къэрэщей, Къардэн Чэлимэт, Залиханов Жанакъаит, ТIатIым Хьэтау, Кациев Хьэбу, Хьэжу Ахьмэд, Нартокъуэ Мухьэмэд, Къэрмокъуэ Хьэмид, Гадиев Ибрэхьим, Созаев Ахъмэт, Ацкъан Руслан (иужьрейр нобэ мэлажьэ).

ЦIыхухэр зэхуэдэкъым. Ди унафэщIхэм яхэтащ Iуэхухэр псынщIэу «зэпкърызыудыфхэри», кIыхьлIыхь зыщIхэри, фIыуэ тлъэгъуаи, ди гум къимыщтаи…

ФхузоIуэтэж нэхъ гукъинэж сщыхъуахэр.

УНАФЭЩIУ ныщытхуагъэкIуам, **Сэхъу Къэрэщей** щIалэ псыгъуэ щхьэпэлъагэт, и щхьэц фIыцIэ Iувыр «хъурыфэ пыIэу» и щхьэм къыфIэст. И дзэ хужьыпсхэр къыIуигъэпсу, гуфIэрейт, нэжэгужэт, угъурлыт. Ар зэуэ псоми фIыуэ тлъэгъуащ. Тхылъ къыдэгъэкIыным щыгъуазэт. Iуэхум къемызэгъ, ныкъусаныгъэ, щыуагъэ къигъуэтакъэ, абы редакторыр е корректорыр зыбгъэдигъэтIысхьэрти, гу зылъамыта, яIэщIэкIа щыуагъэхэр яригъэлъагъужырт. Абы щыгъуэми къэмыгубжьу, Iэдэбу, къыпыгуфIыкIыу.

Къэрэщейщ ди лэжьыгъэм къыхэзылъхьар ижькIэ хабзэ быдэ тхуэхъуа «летучкэр», «пятиминуткэр», нэгъуэщI гуэрхэри. Сэхъур, сыт хуэдизу пщIэ хуэтщIми, куэдрэ къытхагъэтакъым: ищхьэкIэ унафэ щащIри, директорыщIэ къытхуагъэкIуащ.

Зи гугъу сщIыр **Къардэн Чэлимэтщ.** ЦIыху хьэлэмэтыщэт ар: гуапэт, гулъытэ жан зыхэлът. Абы зы махуи дигъэкIыртэкъым и лэжьэгъухэм я узыншагъэм, я унагъуэм, я гукъыдэжым щIэмыупщIэу. Жэрдэм хэлът. Жумартт. Ари, Къэрэщей ещхьу, Iэрытххэм набдзэгубдзаплъэу еджэрт, езыр гупсэхуу емыплъауэ, зы тхылъи дунейм къытригъэхьэртэкъым.

Нэхъ иужьыIуэкIэ Чэлимэт университетым игъэзэжри, щIэныгъэм гурэ псэкIэ зритащ. Абы къыдигъэкIащ Дзэлыкъуэ зэщIэхъееныгъэм, Къэбэрдейр Урысейм зэрыхыхьа щIыкIэм, ди лъэпкъым и пщы къудамэхэм, езыр зыщалъхуа Аушыджэр къуажэм теухуа тхылъ хъарзынэхэр.

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и гугъу щащIкIэ, нэхъыбэрэ си нэгу къыщIохьэж **Кациев Хьэбу**. Ар зи щхьэцыр хужьыбзэу тхъуа, зи нэкIур зэлъыIуха, хьэлщэн дахэ зиIэ лIы гуапэт. ИкъукIэ IэкIуэлъакIуэт цIыхухэр зэщIэгъэуIуэнымкIэ, абыхэм я гукъыдэжыр къэIэтынымкIэ.

Ар пщэдджыжьым ди пэшым къыщIыхьэрт, къытщIэупщIэрт, гушыIэ гуэр къыдидзырт, «къысхуэвгъэгъу, зэран сыфхуэхъуагъэнщ» жиIэрти, щIэкIыжырт. Абы и ужькIэ умылажьи еплъ! Хьэбу цIыхухэм яхуэщхьэпэрт, гуауэри гуфIэгъуэри и лэжьэгъухэм ядиIэтырт.

Зэгуэрым (абы щыгъуэ профкомым и унафэщIу сылажьэрт) среджэри, къызоупщI:

- Ди лэжьэгъухэм я спискэ уиIэ?

- Хьэуэ, - жызоIэ.

- Зэ умыпIащIэт-тIэ, - уэзджынэр трекъузэ. Секретарыр къреджэри, унафэ хуещI ди коллективым щыщ псоми я спискэ игъэхьэзырыну, къыщалъхуа гъэр, мазэр, махуэр иту. Си дежкIэ зыкъегъазэри, мыпхуэдэу къызжеIэ:

- Ди цIыхухэм ящыщ гуэрым и ныбжьыр илъэс 25, 30, 40, 50 хъуакъэ, дохъуэхъу, Iэнэ къыхудощтэ, саугъэт, мыинми, идот. Юбилей мыхъуми, зыгуэрыр къыщалъхуа махуэр къэсамэ, дохъуэхъу, удз гъэгъа IэщIыдолъхьэ. ДызэгурыIуа?

Сэ си щхьэр сощI, «нтIэ» къизгъэкIыу, ауэ соупщI:

- Апхуэдизым тедгъэкIуэдэну мылъкур дэнэ къитхыну?

- Абыи сегупсысащ, - жеIэ. - Зэхэддзэнщ, сэри директор фондым сыхэIэбэнщ. Мыбдежым нэхъыщхьэр саугъэтыркъым - гулъытэрщ…

Хьэбу зыхилъхьэ щыIэтэкъым гуфIэгъуэ пщыхьэщхьэ зэIущIэхэр. Хабзэ тхуэхъуауэ, зэдэдгъэлъапIэрт илъэсыщIэр, цIыхубзхэм я махуэшхуэр, накъыгъэм и 1-р, и 9-хэр.

Кациевым хуэфащэщ «фIыщIэ жыг» хухэпсэну, ди лэжьыгъэр зэIубз зэрищIам, гъуэгу захуэм зэрытригъэувам, тхылъ тедзапIэм и ухуэкIэ-зэхэлъыкIэм щIэуэ, щIэщыгъуэу зыкъом зэрыхилъхьам папщIэ. Япэм щыгъуэ дэ, редакторхэм, сыт хуэдэ Iэрытх къытпэщIэхуэми делэжьу щытамэ, иджы тщIэрт илъэс къэкIуэнум дызэлэжьынухэр, дызыдэлэжьэну авторхэр. Редакторхэр гуп-гупурэ дагуэшат. Производствэ Iуэхухэм унафэ тезыщIыхьын егъэбыдылIат: техредхэри корректорхэри. Экономистхэр щхьэхуэ ящIат. Тхылъхэр сурэткIэ зэрыгъэщIэрэщIам хэплъэ худсовети диIэт, директорыр и унафэщIу.

Хьэбу, зыри пэмыплъауэ, и къулыкъум IуагъэкIри, унафэщI тхуащIащ **Нартокъуэ Мухьэмэд** . Ар Хьэбу зыкIи ещхьтэкъым: и щхьэцыр фIыцIэт, Iувт, мащIэуи утIэрэзауэ. Нартокъуэр лIы зэпIэзэрытт, гушыIэ лейхэр фIэфIтэкъым. Псэлъэгъуейт, «цIыху зэкIуэцIылъщ» хужыпIэну.

Мухьэмэд лэжьакIуэшхуэт. Абы и дежкIэ щыIэтэкъым «лэжьапIэм къыкIэрыху», «зыщIезыгъэх», «Iэпэдэгъэлэлу лэжьэн» псалъэхэр. Пщэдджыжьым сыхьэтийм къыщIыхьэнти, пщыхьэщхьэр хэкIуэтэхункIэ къэтэдж иIэтэкъым, шэджагъуэм шхакIуэ я унэм зэрыкIуэжым и гугъу умыщIмэ.

Нартокъуэм, директору уври, «зыкъызэкIуэцIихащ» - ар зэфIэкIышхуэ зиIэ унафэщIу къытхущIэкIащ. Ди лэжьыгъэм фIыуэ щыгъуазэт. УнафэщI ткIийт, ауэ и макъыр зэи иIэтыртэкъым, жьэнахуэт, зыхуейр ехьэкI-къеехьэкI хэмылъу къыбжиIэфырт.

И лэжьыгъэфIым къыпэкIуэу абы кърагыгъащ Лэжьыгъэм и Бэракъ плъыжь орденыр, къыфIащащ «РСФСР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэри.

Гукъинэж сщыхъуащ **Къэрмокъуэ Хьэмид** унафэщIу къыщытхуагъэкIуам псори ину дызэрыщыгуфIыкIыгъари. Ар зымыцIыху, абы и лэжьыгъэм щымыгъуазэ тхылъ тедзапIэм щIэстэкъым. НэгъуэщIуи дауэ хъунт? Ар зыщылэжьа «Iуащхьэмахуэ» журналыр ди IуэхущIапIэм и зы къудамэт, ди штатми хэтт, я улахуэр езытри дыдейхэрт, профсоюз IуэхухэмкIи дызэпыщIат.

ДиректорыщIэм и хъыбарыр щызэхэтхым, ди лэжьакIуэхэм, гушыIэу, зэдыжаIащ:

- Уэлэхьэ, жыжьэ кIуамэ! «Iуащхьэмахуэ» къикIри, «Эльбрус» къэкIуащ. А бгым и сыдж нэхъ лъахъшэр къигъанэри, нэхъ лъагэм дэкIащ!

Илъэс 12-кIэ къытщхьэщытащ Хьэмид, и къалэн хьэлъэхэри дэри «дишэчу».

Ар журналист Iэзэт, литературоведт, критик цIэрыIуэт, фIыуэ хищIыкIырт адыгэ, дунейпсо IуэрыIуатэми.

Къэрмокъуэм нэхъапэхэм диIа унафэщIхэм фIыуэ ялэжьахэм къапищащ. Абы ткIийуэ игъэуващ планыр зэхэлъхьэныр редакцэхэм къыщежьэныр. Тхылъ къыдигъэкIыну зи мураду зи Iэрытхыр къытхуэзыхьым и лэжьыгъэр зыхуэдэр фIыуэ зэхи- гъэкIырти, итIанэт абы гъуэгу щритыр.

Тыншт Хьэмид удэлэжьэныр. Абы и деж сыт хуэдэ Iуэхури щыгувэртэкъым - щIэх дыдэу «зэфIиудырт».

КъэкIуэну илъэсым и планыр щызэхалъхьэкIэ, зэрыхабзэу, тхылъхэм я тиражри (къыдагъэкIыну бжыгъэр) яубзыхурт. Къэрмокъуэм гурэ псэкIэ зыхищIэрт дэтхэнэ тхылъыр нэхъ ящэхунуми, дэтхэнэр тыкуэным къыщIэнэжауэ щIэлъынуми. БлыщIрэ блы гъэм Хьэмид и жэрдэмкIэ планым хагъэхьащ си «Лапочка» тхылъыр, и бжыгъэкIэ мин 50 хъууэ. ИкIи щыуатэкъым: зы илъэси дэмыкIыу тхылъыр тыкуэнхэм щIэлъыжакъым - «зэрапхъуат». ПщIейрэ бгъу гъэм и планым хагъэхьэ автор зэмылIэужьыгъуэхэм ятхыжа псысэхэр щызэхуэсхьэса «Дыщэ кIанэ» тхылъыр. КъыдагъэкIыну бжыгъэр советым щиубзыхум, Хьэмид жеIэ: «Мин щэщI къыдэдгъэкIынщ». Адрейхэм шэч къытрахьэ: «ЗэбгрыкIыну пIэрэ?» Къэрмокъуэм еукъуэдий: «Тхылъыр къыщIыдэдгъэкIыр сабийхэрщ. Езыр сурэт зэмыфэгъухэмкIэ гъэщIэрэщIащ. ЗэбгрыкIынщ!» Мыбдежми щыуатэкъым унафэщIыр - тхылъыр псынщIэу ящэхуат.

Хьэмид цIыху зэпIэзэрытт, щабэт, гуапэт. И унафэ щIыкIэм кIий-гуо хэлътэкъым, тезырхэр «игуэшыртэкъым», езымрэ лэжьакIуэхэмрэ зэхуэгуапэт, пщIэ зэхуащIырт. Арат гъэщIэгъуэн къыщIытщыхъуари «Къэрмокъуэр лэжьапIэм IуокI» жаIэу щызэхэтхам. ЗыдоIэтри, гуп цIыкIу и пэшым дыщIохьэ. «ЖаIэр пэж?» - доупщI. «ЦIыхухэм Iэджэ жаIэ, - мэдыхьэшх. - Сыт хуэдэ хъыбар фызыщIэупщIэр?» «УIукIыу жаIэ. Сыт къэхъуар?» «Зыри. Куэдкъэ сызэрылэжьар?»

ПцIы хэмылъу, Хьэмид нэхърэ нэхъыбэрэ а къулыкъум зыри тетатэкъым. Ауэ, итIани, ар IукIыну дыхуейтэкъым. АрщхьэкIэ къыдэдэIуэгъакъым.

БгъущI гъэхэм, Совет властыр къэтIасхъэри, «демократие» жыхуаIэр къэунэхуат. Коллектив куэдым я унафэщIхэр ежауэ хахырт. Дэри къытхуагъэуващ «демократие дыджэгун» хуейуэ. ЦIыхуитху хыхьат «къызэдэжэнухэм». ТIур щIегъуэжри, кIэрыхужат. Щыр «къызэдагъажэри», **Гадиев Ибрэхьим** и кIэныр къикIат. Ибрэхьим а къулыкъу мытыншыр ирихьэкIащ, и ныбжьыр илъэс хыщI хъууэ, хуейхуэмейми, пенсэм «ягъэкIуэхункIэ».

Гадиевыр зыIутыгъа редактор нэхъыщхьэ къулыкъур «Хэт нэхъ хуэфащэ?» - щыжаIэм, Бицу Анатолэ лъагъэсауэ, нобэр къыздэсым а IэнатIэм пэрытщ.

БгъущIрэ тху гъэр къохьэ. «Демократие джэгур» еух. Тхылъ тедзапIэм и унафэщIу ягъэув балъкъэр усакIуэ **Созаев Ахъмэт** . Илъэс зыбжанэ докIри, а къулыкъум пэроувэ **Ацкъан Руслан**.



ЭВМ-м и оператор Ведмецкая Еленэ.



ЭВМ-м и оператор ТхьэилI Анжелэ.

РЕДАКТОР куэдым садэлэжьащ сэ. Абыхэм ящыщщт **Жаным Борис, Балъкъэр Къылышбий, Дол БаIилэ, Шыгъушэ ХьэзрэIил, КъардэнгъущI Зырамыку, КхъуэIуфэ Хьэжбат, Шырыт Хьэтызэ, Теппеев Сулеймэн, Жабоев Мухьэмэд, Гуртуев Эльдар, Зэхъуэхъу Лиуан, Къэжэр Петр, Брай Адэлбий, Табаксоев Мыхъутар…**

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, цIыху псори зы анэм къилъхуркъым, зы унагъуэми щапIыркъым. Ауэ махуэ псом узэбгъэдэсу, зы пэшым ущIэсурэ, илъэс Iэджэ щызэдэпхькIэ, уи гуауэри гуфIэгъуэри щызэдэбгуэшкIэ, зы адэ-анэм къалъхуу зэдапIам хуэдэу, зэгъунэгъу, зэныбжьэгъу узэхуохъу. Мис апхуэдэу сэ зы пэшым сащыдэлэжьащ Жаным Борис, Балъкъэр Къылышбий, Махуэ Анатолэ, Опрышкэ Олег, нэгъуэщIхэми.

Сыхуейт я цIэхэр къыхэзгъэщыну тхылъ тедзапIэм зи гъащIэр илъэс куэдкIэ езыпхахэу зыбжанэм. Апхуэдэт, псалъэм папщIэ, тхакIуэхэу **ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ, Сонэ Абдулчэрим**, усакIуэхэу **Ацкъан Руслан, Хьэту Петр**, публицист, тхакIуэ, нобэ «Адыгэ псалъэ» газетым редактор нэхъыщхьэу щылажьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, журналист **Мырзэкъан Суфян**, сурэтыщIхэу **Овчинников Владимир, Чичкин Иван, Абрамов Иван, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч** сымэ.

Художественнэ редакцэм и лэжьакIуэхэм, абыхэм лэжьыгъэм кърашэлIа сурэтыщI Iэзэхэм я фIыгъэкIэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм Iэмал игъуэтащ дунейпсо жармыкIэхэм плIэнейрэ хэтыну, Союзпсо, Урысейпсо еплъыныгъэхэм пашэ щыхъуну.

БлэкIа илъэсхэм ди тхылъхэм къыхуагъэфэщащ дипломищэм щIигъу, тхылъ зыкъомым дыщэ медалхэр кърагыгъащ.

Тхылъ тедзапIэм и производствэ къудамэр редакторым къыIэщIэкIа Iэрытхым «кIэрэхъуэн» щыщIидзэ IэнатIэщ, тхылъ тедзапIэмрэ полиграфкомбинатымрэ зэпызыщIэ къудамэри аращ. Абы и унафэм щIэту щытащ техредхэри, корректорхэри, машинисткэхэри.

Илъэс куэдкIэ а IэнатIэм и унафэщIу, тхылъ тедзапIэр, машинэм хуэдэу, зыгъэлажьэ, Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIу щытащ **Графов Иван**. Ар, и ныбжьым емылъытауэ, жыджэрт, гуащIафIэт. Зигъэпсэхууи шэджагъуашхэ ищIуи плъагъунутэкъым. И ныбжьыр нэсу и лэжьыгъэр къыщигъанэм, абы и пIэм иуващ нэгъуэщIхэр: **Блэнауэ Лиуан, Къумыкъу Соня, Тхьэкъуахъуэ Борис, Прокопенкэ Любовь, Зэхъуэхъу Валерэ**..

Тхылъ тедзапIэм я гъащIэр ирапхри, илъэс куэдкIэ щылэжьащ **Вымячкинэ Верэ, Чымэзокъуэ (Апэнэс) Кацинэ, Бузд Бадиян, Абазэ Женя, Будаевэ Нафисэт, Кулиев Хьэжмусэ, Бэрэгъун Пагуэ, КIуэкIуэ Къэрэжан, ТIатIым Женя, Хьэх Марие,** нэгъуэщIхэри.

ЗИ ЦIЭ КЪИСIУА псоми сэри сыкъыхэжыжынкъым - кIэщIу зыкъывэзгъэцIыхунщ. Тхылъ тедзапIэм сызэрыщылэжьа илъэсхэм къриубыдэу сэ къыдэзгъэкIащ тхылъ щиплIым щIигъу, учебникхэу, художественнэ литературэу, политикэм, мэкъумэшым, гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым теухуауэ. Сэ срогушхуэ пщIэрэ щхьэрэ зиIэ, зи цIэр фIыкIэ ди республикэм, ди къэралым, уеблэмэ нэгъуэщI щIыпIэхэми щызыгъэIуа цIыху гъуэзэджэ куэдым сазэрыIущIам, сазэрыдэлэжьам, я тхылъхэр къызэрыдэзгъэкIам.

Къэбгъэлъагъуэмэ, абыхэм ящыщт Бэрбэч ХьэтIутIэ, КIэрэф Къамболэт, Лъостэн Владимир, Къумыкъу Тыгъуэн, Гугу Рэшад, КъардэнгъущI Зырамыку… Ахэр куэд мэхъу. Апхуэдэ цIыху Iущхэм сэбэп хъун куэд къыпхуаIуатэ, уи акъылым зрагъэузэщI.

Редактор лэжьыгъэр гугъусыгъуми, абы хэлъщ зы IуэхуфI: хьэзыр хъуа тхылъыр зи IэдакъэщIэкIыр, сабий къыхуалъхуам хуэдэу, дунейм къытехьа и тхылъым зэрыщыгуфIыкIыр щыплъагъукIэ, арэзыныгъэ уогъуэт, уи гумрэ уи псэмрэ загъэпсэхуж.

Редактор лэжьыгъэм зыкIи ещхькъым етIуанэ IэщIагъэ схуэхъуар - тхакIуэ Iуэхухэр, зэи уи гум псэхугъуэ къезымытхэр. Си япэрей лэжьыгъэу щытар тхылъ зыбжанэ (румын, ермэлы, китай рассказхэр, хъыбархэр, таурыхъхэр) адыгэбзэкIэ зэрызэздзэкIаращ.

ИужькIэ нэхъ сыдэзыхьэхар цIыкIухэм яхуэтхэнырщ. Дунейм къытехьащ си лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэу зыкъом («Мэз лъагъуэхэр», «Гулэз», «Лъэмыж», «Фэеплъ», «Гуэл Iуфэм», «Уэ ухэт?», «Лыгъей нэз», «Къахьэхуащ», «Ерыщ», «Нэгей и къуэ Лъапщагъуэ», «Тхыдэр зи бащэ Батыр», «Iэминат», «Дыжьын фалъэ», нэгъуэщI тхылъхэри).

ГъащIэр лъэныкъуэ куэду зэхэлъщ. СыщогуфIыкIыж зихуэдэ щымыIэ тхылъышхуэ («Адыгэбзэ псалъалъэр») зэхэзылъхьа щIэныгъэлI гупым сазэрыхэтами, си тхылъ зыбжанэ («Лапочка», «Ох, моя тетушка», нэгъуэщIхэри) урысыбзэкIэ къызэрыдэкIами, нэгъуэщI куэдми.

Илъэс 80 ирокъу си гъащIэм и нэхъыбапIэр щысхьа тхылъ тедзапIэм и ныбжьыр. Ар си дежкIэ къэхъугъэ щхьэпэщ, си Iэужьхэм сыхэзыгъэплъэжщ, гукъыдэж, дэрэжэгъуэ къызэзытщ.

Си псалъэм и кIэухыу сыхуейт мы зэманым тхылъ тедзапIэм щылажьэ псоми ехъулIэныгъэфIхэр яIэну сехъуэхъуну.

**КIУАНТIЭ Iэзид.**



«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и лэжьакIуэхэр. *2008 гъэ, мэкъуауэгъуэм и 9. Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

